# ÓZBEKSTAN KONSTITUCIYASI INSAN HUQÍQ HÁM ERKINLIKLERINIŃ TIYKARǴÍ KEPILI

**N.Muptullaeva**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Social-gumanitar pánlerdi oqıtıw metodikası (Ruwxıylıq tiykarları) magistratura qánigeligi 1-basqısh magistrantı*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15643869**

Konstituciya latınsha «constitution» sózinen alınǵan bolıp, «dúzilis», «ornatıw» degen mánislerdi bildiredi. Konstituciya ayrıqsha yuridikalıq qásiyetlerge iye bolǵan birden bir siyasiy-huqıqıy hújjet bolıp, onda shaxs, jámiyet hám mámleket ortasındaǵı qatnasıqlardıń tiykarǵı principleri ornatıladı; mámleket hákimiyatınıń dúzilisi, sub`ektleri, hákimiyattı ámelge asırıw mexanizmi belgilenedi; jámiyet, insan hám puqaranıń mámleket tárepinen qorǵalatuǵın huqıqları hám erkinlikleri bekkemlenedi.

Konstituciya óz mánisi hám yuridikalıq tábiyatına kóre basqa huqıqıy hújjetlerden tómendegi áhmiyetli tárepleri menen ajıralıp turadı:

Birinshiden, konstituciya arnawlı sub`ekt, yaǵnıy Ózbekstan xalqı tárepinen referendum arqalı yaki onıń atınan Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası deputatları hám Senatı aǵzaları ulıwma sanınıń keminde úshten eki bóleginen ibarat kópshiligi dawısı menen qabıl etiledi;

Ekinshiden, konstituciyalıq qaǵıydalar tásir et`iwshi, baǵdarlawshı, birlemshi áhmiyetke iye;

Úshinshiden, konstituciyalıq tártipke salıw kóleminiń keń qamırawlılıǵı menen klassifikaciyalanadı, yaǵnıy ol júdá áhmiyetli hám keń kólemdegi sociallıq qatnasıqlar shegarasına tásir kórsetedi;

Tórtinshiden, konstituciya ayrıqsha yuridikalıq qásiyetlerge iye, yaǵnıy basqa nızamlardan ústinlikke, joqarı yuridikalıq kúshke, ózine tán qorǵalıw formasına, arnawlı tárizde qabıl etiliw hám ózgerttiriw tártibine iye.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyası 1992-jıl 8-dekabr` kúni Ózbekstan Respublikası Oliy Kengashınıń on ekinshi shaqırıq on birinshi sessiyasında 6 bólim, 26 bap, 128 statya quramında qabıl etildi.

2022-jıl 20-iyuń kúni Prezident Shavkat Mirziyoyev respublika Konstituciyalıq komissiyası aǵzaları menen ushırastı. Ushırasıw dawamında mámleket basshısı Konstituciyaǵa ózgeris kiritiw júzesinen puqaralar tárepinen bildirilgen ayırım usınıslarǵa qatnas bildiriw tiykarında óz usınısların alǵa súrdi.

«Jańalanǵan Konstituciya mámleketimizdiń uzaq múddetli rawajlanıw strategiyaları, ulıwma jurtımız hám xalqımızdıń erteńgi parawan turmısı ushın

bekkem huqıqıy tiykar hám de isenimli kepillik jaratıwı lazım», - dep atap ótti mámleket basshısı.

Prezident Shavkat Mirziyoyev «Ózbekstan – sociallıq mámleket» degen ideyanı tiykargı nızam menen bekkemlew usınısın alğa súrdi.

«Sociallıq mámleket mútájlerge úy-jay, jasaw ushın zárúr bolğan paydalınıw tovarlarınıń eń kem muğdarı belgilep qoyılıwın názerde tutadı. Ol shaxs hám onıń shańarağı múnásip turmıs keshiriwi ushın jetetuğın is haqı, kambağallıqtı qısqarttırıw, bántlikti támiynlew, qáwipsiz miynet sharayatın jaratıwdı talap etedi. Sonıń menen birge, jumıssızlıqtan qorğalıw, kepillestirilgen sıpatlı bilimlendiriw, qánigeli medicinalıq járdem, hámme ushın teń imkaniyatlar, shańaraqlar, balalar, hayallar, kekseler, mayıplığı bolğan shaxslardı hár tárepleme qollap-quwatlaw hám sociallıq mámlekettiń tiykargı wazıypası», - dep túsindirdi Prezident.

Jańa redakciyadağı Ózbekstan Konstituciyası 2023-jıl 30-aprel kúni ótkizilgen Ózbekstan Respublikası referendumında ulıwma xalıqlıq dawıs beriw arqalı qabıl etildi.

Jańa redakciyadağı Ózbekstan Respublikası Konstituciyası 6 bólim, 27 bap, 155 statyadan ibarat etip qabıl etildi. Yağnıy jańa redakciyadağı Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına 1 bap, 27 statya qosıldı, normalar sanı 275 ten 434 ke kóbeydi, nızamnıń 65 procent teksti xalqımız usınısları tiykarında jańalandı.

Konstituciyanıń 2-bólimi «Insan hám puqaranıń tiykargı huqıqları, erkinlikleri hám minnetleri» dep ataladı.

Ózbekstan Respublikasında insannıń huqıq hám erkinlikleri xalıq aralıq huqıqtıń ulıwma tán alıngan normalarına muwapıq hám de usı Konstituciyağa muwapıq tán alınadı hám kepillestiriledi. Insan huqıq hám erkinlikleri hár kimge tuwılğanınan baslap tiyisli boladı (19-statya).

Ózbekstan Respublikası óz aymağında da, onıń sırtında da óz puqaraların qorğaw hám olarğa qáwenderlik kórsetiwdi kepillestiredi.

Ózbekstan Respublikası puqarası Ózbekstannan tısqarığa májbúriy shığarıp jiberiliwi yaki basqa mámleketke berip jiberiliwi múmkin emes (23-statya).

Konstituciyada ádil sudlaw tarawında ólim jazası qadağan etildi, sudtıń qararısız 48 saattan artıq múddet uslap turıw múmkin emesligi, huqıq hám erkinliklerin sheklew menen baylanıslı barlıq háreketlerge tek sud qararı tiykarında jol qoyılıwı, shaxstıń sudlanğanlığı hám onnan kelip shığatuğın huqıqıy aqıbetler onıń tuwısqanları huqıqların sheklew ushın tiykar bolıwı múmkin emesligi, ayıplanıwshı hám sudlanıwshılarğa ózine qarsı kórsetpe bermeslik, yağnıy «úndemeslik» huqıqı beriliwi, hár kim óz huqıq hám erkinliklerin nızamda qadağan etilmegen barlıq usıllar menen qorğawğa haqılı ekenligi, biypul baslanğısh kásip-

ónerge oqıtılıwı, inklyuziv bilim alıw imkaniyatı, shańaraqtıń rawajlanıwı ushın sociallıq, ekonomikalıq, huqıqıy hám basqa shárt-sharayatlar jaratılıwı, pensiya, napaqa hám basqa sociallıq járdemler muǵdarı eń kem paydalanıw qárejetlerinen az bolıwı múmkin emesligi, hesh qanday kemsitiwlersiz hám de miynetke haqı tólewdiń belgilengen eń kem muǵdarınan kem bolmaǵan tárizde ádalatlı haqı alıw, puqaralardıń kásiplik tayarlıǵı hám qayta tayarlanıwın shólkemlestiriw, hár kim jumıssızlıqta sociallıq támiynat alıw huqıqına iyeligi haqqında hám basqa normalar kiritildi.

Jaslar máseleleri boyınsha ayrıqsha bap kiritildi (14-bap Shańaraq, balalar hám jaslar).

Mámleket jaslardıń jeke, siyasiy, ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy, ekologiyalıq huqıqları qorǵalıwın támiynleydi, olardıń jámiyet hám mámleket turmısında aktiv qatnasıwın xoshametleydi.

Mámleket jaslardıń intellektual, dóretiwshilik, fizikalıq hám ádeplilik táreptan qáliplesiwi hám de rawajlanıwı ushın, olardıń bilim alıwǵa, den-sawlıǵın saqlawǵa, úy-jayǵa, jumısqa ornalasıwǵa, bántlik hám dem alıwǵa bolǵan huqıqların ámelge asırıw ushın shárt-sharayatlar jaratadı (79-stat`ya).

Hár kim bilim alıw huqıqına iye.

Mámleket úzliksiz bilimlendiriw sisteması, onıń hár qıylı túrleri hám formaları, mámleket hám mámleketlik emes bilimlendiriw shólkemleri rawajlanıwın támiynleydi.

Mámleket mektepke shekemgi tálim hám tárbiyanı rawajlandırıw ushın shárt-sharayatlar jaratadı.

Mámleket biypul ulıwma orta bilim hám baslanǵısh processional bilim alıwdı kepillestiredi. Ulıwma orta bilimlendiriw májbúriy.

Mektepke shekemgi tálim hám tárbiya, ulıwma orta bilimlendiriw mámleket qorǵawında.

Bilimlendiriw shólkemlerinde ayrıqsha bilim ıqtıyajlarına iye bolǵan balalar ushın inklyuzim tálim hám tárbiya támiynlenedi (50-stat`ya).

Puqaralar mámleketlik bilimlendiriw shólkemlerinde tańlaw tiykarında mámleket esabınan joqarı maǵlıwmat alıwǵa haqılı.

Joqarı bilimlendiriw shólkemleri nızamǵa muwapıq akademiyalıq erkinlik, ózin-ózi basqarıw, izertlewler ótkiziw hám oqıtıw erkinligi huqıqına iye (51-statya).

Ózbekstan Respublikasında oqıtıwshınıń miynet jámiyet hám mámleketti rawajlandırıw, sawlam, barkamal áwladtı qáliplestiriw hám de tárbiyalaw, xalıqtıń ruwxıy hám mádeniy dárejesin saqlaw hám de bayıtıwdıń tiykarı sıpatında tán alınadı.

Mámleket oqıtıwshılardıń abıroyı hám qádir-qımbatın qorǵaw, olardıń sociallıq hám materiallıq parawanlıǵı, kásiplik tárepten ósiwi haqqında ǵamxorlıq kóredi (52-statya)

Ulıwma alǵanda jańa redakciyadaǵı Konstituciyada insan huqıqlarına tiyisli normalar 3 barabardan zıyatqa astı.

– "insan" sózi 35 mártebe (*aldıńǵı Konstituciyada – 9 márte*);

– "mámleket" sózi – 43 mártebe (*aldıńǵı Konstituciyada – 15 márte*);

– "xalıq" sózi – 70 mártebe (*aldıńǵı Konstituciyada – 43 márte*);

– "jaslar" sózi – 6 mártebe (*aldıńǵı Konstituciyada – 1 márte*);

– "mámleket shárt-sharayat jaratadı" sózi – 10 mártebe (*aldıńǵısında isletilmegen*);

– "hayal, hayal-qızlar" sózleri – 3 mártebe (*aldıńǵıda – 1 márte*);

– "qayǵıradı" sózleri – 6 mártebe (*aldıńǵıda – 2 márte*) isletilgen.

Ózbekstan Konstituciyasınıń jańa redakciyada qabıl etiliwi «Insan abıroyı hám qádir-qımbatı ushın» principi tiykarında xalıq parawanlıǵın jáne de jetilistiriw, insan, puqaralıq jámiyeti hám mámleketti jedel rawajlandırıw ushın bekkem tiykar jarattı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi**

1. Ózbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. T. Ózbekiston, 2023 y.
2. Inson huquqlari umumjahon deklaraciyasi. Birlashgan Millatlar Tashkiloti Bosh Assambleyasining Rezolyuciya 217 A (III) bilan 1948 yil 10 dekabrda qabul va e`lon qilingan
3. 2022-2026 yillarga mo'ljallangan Yangi O'zbekistonninsh taraqqiyot strategiyasi. 2022 yil 28-yanvar`.